Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 14 (7415)
8 Апрель 2020 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РЕШЕНИЕ

**О принятии ставки единого налога на вмененный доход на территории МО «Унцукульский район»**

Принято Собранием
Депутатов «6» апреля 2020г.№45

Собрание депутатов

РЕШИЛО:

В соответствии со статьей 346.31. главы 26.3. налогового кодекса Российской Федерации «Системы налогообложения в виде единого налога на вмененный доход для отдельных видов деятельности», а также п. 5 Указа Главы Республики Дагестан от 31 марта 2020 года №24 «О первоочередных мерах поддержки субъектов малого и среднего предпринимательства, оказавшихся в зоне риска в связи с угрозой распространения новой коронавирусной инфекции в Республике Дагестан»:

1.Установить на территории муниципального образования «Унцукульский район» ставку единого налога на вмененный доход, для отдельных видов деятельности в размере 7,5% величины вмененного дохода.
2. Опубликовать настоящее решение Собрания на официальном сайте администрации МО «Унцукульский район» и районной газете «Садовод».
3.Решение вступает в силу с 1 апреля 2020 года.

**И.о. главы МО**
**«Унцукульский район» А. Магомедов**

## РЕШЕНИЕ

**Об избрании главы муниципального района «Унцукульский район»**



В соответствии со статьей 29 Устава муниципального образования «Унцукульский район» и на основании протокола счетной комиссии №1 от 06.04.2020 года о результатах тайного голосования по досрочному избранию главы муниципального района «Унцукульский район» Собрание депутатов муниципального района

РЕШАЕТ:

1.Избрать главой муниципального района «Унцукульский район» Республики Дагестан Нурмагомедова Ису Магомедовича.

2.Решение вступает в силу с момента его принятия.

3. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте МО «Унцукульский район».

**Председатель Собрания М.Юсупов**

# Къокъаб, амма бахIарчияб гIумро

(МахIач Дахадаев гьавуралдаса - 138 сон)



138 сон тIубана Дагъистаналъул халкъазул эркенлъиялъе гIоло къеркьохъан, Дагъистаналда тIоцевесев рагъулав комиссар, граждан рагъазул бахIарчи МахIач Дахадаев гьавуралдаса. МухIамадгIали (МахIач) Дахадаев гьавуна 8 декабралда (цогидал баяназда рекъон 2 апрелалда) 1882 соналда Дагъистан областалъул Авар округалъул Унсоколо росулъ, маххул къебед Давудил ДахIадал хъизаналда. МахIачил эбел ХIурия йикIана мискинав векьарухъан ХIасан - хIажиясул яс. Рохел гьечIеб, бакIал кьварилъабаз къанцIулеб лъимерлъи букIана МахIачил. Гьев жеги гьитIинав чи вукIаго эменги хун, эбелги цоги чиясе росасе ун, мискинго бетIербахъун ругел гIагарлъиялъул цIобалде ккана. Эбел-инсул гьуинлъиги хинлъиги лъачIев гьес гьитIинго жиндиего чед балагьизе ккана. ГIадамаз ХIуриядаги бесдал эмен МухIамад-СултIанидаги гIайиб-гьвел гьабулеб букIана гьев гьитIинго рехун танилан. Гьез МахIач цIализе кьуна Хунзахъ букIараб байбихьул школалде. Гьеб школа тIокIлъигун лъугIизабиялъ МахIачие рес кьуна Темир-Хан – Щура букIараб Реалияб училищеялде цIализе лъугьине. 1900 соналда МахIачица училище лъугIизабуна ва гьелда къокълъизе течIо цIали. Гьес Петербургалъул маххул нухазул транспорталъул инженеразул институталде экзаменал кьуна. Институталда цIалулеб заманалда М. Дахадаевас лъай - хъвай гьабуна пачаясул власталдехун рокьукъго ралагьулел хIалтIухъабазулгун ва студентазулгун. Гьесие цIикIкIараб асар гьабизе лъугьана Обуховасул рагъулаб заводалъул хIалтIухъабазул тIоцебесеб маялъулал церерахъиназ, студентазулал багъа- бачарияз. М. Дахадаев лъугьана 1905-1907 соназул гIурус революциялъул жигарав гIахьалчилъун. Россиялда бахъараб революциялъул гьури дагь-дагьккун Дагъистаналъул мугIруздаги щущалеб букIана. Подорлъабазул бакIазда гьединго магIарухъ ругел округаздаги унел рукIана рекъарухъабазул багъа-бачариял. Отпускаялъ росулъе вачIарав МахIач гьеб киналдаго хадуб хал ккун цо рахъалда чIун вукIинчIо. 1905 соналъул 30 декабралда ансадерил кIудияб мажгиталда аскIоб гIадамазда цеве кIалъазе вахъана гьев. Гьес магIарул мискинзаби ахIулел рукIана пачаясул самодержавиялда данде чIун ярагъ кодобе босизе, налогал кьеялдаса инкар гьабизе, тIадчагIазе мукIурлъунгутIизе, бечедазда кодоса ракьал рахъизе. М. Дахадаев чIаго вукIаго Совет власталъул тушбабазда лъалеб букIана жидее хIалхьи букIунареблъи. Ва гьез хIукму гьабуна МахIач чIвазе. Гьеб букIана 1918 соналъул хаслихъе. Темир-Хан-Шура контреволюционераз босун хадув МахIач Левашисан магIарухъ цIиял къуватал данде гьаризе ине сапаралъ вахъуна цадахъ дагьалго гIадамалгун. Гьоркь Жунгуталдаса Гьдаралде унеб нухда дандеги рачIун Н. Тарковскиясул бандазул бетIер ХI. ХIасановас нахъасан МахIачида гIадалъ таманча речIчIула. Гьедин тушбабазул квердаса камуна мискинхалкъ лагълъиялдаса эркен гьабизелъун къеркьарав инженер МахIач Дахадаев. Хиянатаб куцалъ МахIач Дахадаев чIваялъ кутакалда цим бахъинабуна Дагъистаналъул халкъазул. Гьез тушбабаздаса къисас босана ва МахIачил аницалги гIумруялде рахъинарулаго мугIрузда эркенлъи букIинабуна.

# Коронавирус: данделъи тIобитIана

7 апрелалда райадминистрациялда букIана Коронавирус тIибитIизе тунгутIиялда буссараб данделъи. ГIахьаллъана киналго районалъул жавабиял гIадамал.

Гьенир гIахьаллъараз бицана унти тIибитIизе тунгутIиялъе хIалтIи гIуцIизе районалда «Горячая линия» телефон хIалтIулеб бугин, бугеб хIалалъул хIакъалъулъ гIадамазда лъазабун бугин, хал гьарунин продуктабазул тукабазул, аптеказул, унти тIибитIани медхъулухъалъул бугеб хIадурлъиялъул. Гьединго мажгитазда, учреждениязда, тукабахъ ва цогидалги гIадамал ракIарулел бакIазда дезинфекция гьабунин.

Школазда цIали унеб буго дистанционнияб къагIидаялъ, ясли ахал къан руго.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 14 (7415)
АрбагI
8 Апрель 2020 сон

2 гьумер

В городах и районах Дагестана продолжается дезинфекция городских общественных пространств с помощью специальных машин, в некоторых местах процедуры проводятся в ручном режиме. Дезинфекцию также проводят в зданиях и в учреждениях республики. Мероприятия проходят ежедневно в рамках комплексных процедур, призванных обезопасить жителей республики. Все задействованные в процедурах сотрудники проходят медицинский осмотр и соблюдают меры безопасности. Отметим, что дезинфекция общественного пространства будет проводиться в течение всего режима повышенной готовности.



# КватIичIого иццахъан лъим чвахизе буго



Дагьал церегIан къоязда бетIерасул ишал тIуралев ГI-М. МухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь букIана Унсоколо росулъе лъим бахъиялъул бугеб хIалалъул бицунеб данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна финотделалъул начальник Ж. Шамсудиновас, росдал бетIер ХI. ГIабдулаевас, бакIал раялъул «Гранд» ОООялъул директор ГI-Къ. МухIамадовас ва цогидазги.

Къойил темаялде босун букIана Унсоколо росулъе бахъараб лъим иццахъе чваххизабиялъул бугеб хIалалъул суал. Гьениб ГI. МухIамадовас тIад чIей гьабуна; лъим бахъиялъул хIалтIи гьабулеб бугин «Мой Дагестан – моя вода», - абураб регионалъул проекталда рекъон. Проекталъул заказчик ккола РДялъул ГКУялъул «Цогояб бакIал раялъул госзаказалъул дирекциялъ», тIубазабулин «Гранд» бакIал раялъул ОООялъул компаниялъ. «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул гьениб кинаб букIанигин гIахьаллъи гьечIин, лъим бахъулеб бугеб гIарцуда хурхун. Районалъул нухмалъиялъул гьелдехун буго гIицIго росабалъ гIадамазул гIумро лъикIлъиялъе ресал гIуцIиялде буссараб мурад. Гьеб мурадалъе гIоло хIалтIаби унел ругеб куцалда хадуб хал ккола гьез.

РакIалде щвезабизин, араб соналда гьабураб хIалтIи кьеялде буссараб тадбир букIана дагьаб цебегIан, лъугIун букIана лъим бахъиялъул цо бутIа хIалтIул.

«Проекталъул рамкаялда жаниб водопровод гьабун буго 6,6 км. гьениб цебеккунго къотIизе ккана бетон тIурал нухал. Хасалил заман букIиналъ битIизабун кисанго гьенисан бетон тIезе бажаричIо, гьеб гьабизе проекталдаги букIинчIо, гIемерисеб бакIалда гьеб хIалтIи гьабулеб буго подрядчикасул гIарцудасан. Лъим бахъиялъе гьабулаго гъоркь хутIараб хIалтIи цIидасан гьабизе байбихьизе буго. Гьединго проекталда рекъон магистралияб труба лъезе ккола гIицIго 28 иццуде, хIажалъани рукIине иццал жеги тIадеги гьарун рукIана, гьелъ цIикIинабун букIана хIалтIул къадарги. Гьедин 59 объекталда гьабизе буго подвод, гьединго лъим гьечIо лъималазул ясли ахикь ва росдал мадрасаялда. Лъим биччазе буго гIагарал къоязда, гьелъие график данд бан буго», - ян бихьизабуна данделъиялда кIалъалаго компаниялъул директор М-Къ. МухIамадовас.

Ахиралда хIалтIи гьабуразе баркала загьир гьабуна ГI-М. МухIамадовас.

**Штабалъул данделъи**

# Хвалилаб унти тIибитIунгутIизе

Араб анкьалда райадминистрациялда букIана районалде Коронавирусалъул унти тIибитIизе тунгутIиялъе гIуцIараб оперативияб штабалъул иргадулаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул ишал тIуралев, штабалъул нухмалъулев ГI-М. МухIамадов, зам. М. ХIамзатов, районалъул Собраниялъул пред М. Юсупов, централияб больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова, Россиялъул РДялъул Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул начальник С. ХIажиев, росабазул бутIрул ва цогидалги.



Заседание байбихьулаго ГI. МухIамадовас бахунеб унти росабалъ тIибитIунгутIиялъе гьабулеб хIалтIул рахьалъ бицине рагIи кьуна росабазул бутIрузе. Гьез бихьизабухъе росабалъ ругел киналго объектал; кафеял, ресторанал, къан руго, тукаби хутIизегIан. Гьединго росабалъ гьаризе гьукъун руго бертаби ва цогидалги гIадамал ракIарарал тадбирал. Гьенибго росабалъ бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун тIад хъаравуллъи букIинабизе ва щивасул жавабчилъи борхизабизе бихьизабуна.

Данделъиялда гьеб рахъалъ медицинаялъул хъулухъалъ гьабулеб хIалтIухъги балагьана. Гьениб бихьизабуна районалда унтул гIаламатал загьирлъани, гьезие хIажатаб хъулухъ гьабизе хIадурлъи бугин, къвакIизабун бугин эпидемологическияб хъаравуллъи, гIадамазда лъазабун бугин рокъор чIаян. Гьелда хадубги чIезабун бугин хъаравуллъи.

Районалъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъ бихьизабухъе обходазе чIезарун руго 150 медхIалтIухъан. Буго унтуда данде чIолеб 120 костьюм, 260 распираториял маскаби, 4000 цо – нухалъ хIалтIизарулел маскаби, гIемер хIалтIизарулел – 500.

Заседаниялда гIахьаллъараз рахIат – хвей загьир гьабулеб букIана гIадамазда бугеб хIал битIун бичIчIулеб гьечIолъиялда бан. Гьенибго бихьизабуна бичIчIи кьеялъул хIалтIи кутаклъизабизе, лъазабуна къватIул харбал тIиритIизе течIого социалиял сетаздасан гьабулеб хIалтIи хIалуцинабизе. Росабазул бутIрузул кIвар буссинабуна гIадамал къватIире рахъинчIого чIезариялде. Бихьизабуна карантиналъул гIурхъаби тарал жавабчилъиялде цIазе ругиланги.

# Рекомендации Минсельхоза России

Рекомендации Минсельхоза России по обеспечению бесперебойности работы предприятий АПК в условиях угрозы распространения коронавирусной инфекции.

В целях профилактики заболевания коронавирусной инфекцией, а также для обеспечения непрерывной деятельности предприятий АПК в условиях угрозы заноса или в случае регистрации коронавирусной инфекции среди работников предприятия.

Рекомендуем органам исполнительной власти субъектов Российской Федерации совместно с руководителями предприятий АПК принять меры, направленные на обеспечение бесперебойного графика работы предприятий АПК:

Создать резерв трудовых ресурсов;

Организовать места временного проживания сотрудников;

Организовать доставку сотрудников на работу корпоративным транспортом;

Провести разделение сотрудников в сменах на две и более группы с четко выделенными рабочими зонами с максимальным ограничением их пересечения для минимизации контактов;

В случае выявления заболевания у одного из работников изоляции (карантину) могут подлежать другие сотрудники подсмены, в которой он работал. Решение подразумевает его использование прежде всего на привязных животноводческих комплексах и других производственных объектах, где нет возможности сокращения рабочих в смене и выделения дополнительных подсменных смен.

Минимизировать количество сотрудников в смене с выделением нескольких вариантов графиков работы на случай введения «режима карантина» для разного количества работников одной профессии на объекте.

При увеличении нагрузки и росте интенсивности труда каждого из сотрудников и одновременном сокращении количества рабочих часов ниже нормативного по данной профессии предприятие должно сохранять за сотрудником целевой уровень заработной платы;

Подготовить дополнительных подсменных работников по каждой рабочей профессии с целью обеспечения максимального количества подсменных смен на случай необходимости организации работы «в режиме карантина»;

Перевести максимальное количество специалистов подразделений на сменные графики работы для обеспечения наличия подсменных смен в подразделениях;

Обеспечить дополнительные меры контроля за состоянием здоровья сотрудников предприятия при переходе работы в «режим карантина»;

Рекомендуем руководителям предприятий АПК при проведении мероприятий по профилактике и борьбе с коронавирусной инфекцией на предприятиях АПК учитывать необходимость использования дезинфицирующих средств, разрешенных к применению в присутствии животных. Обеспечить необходимый запас указанных дезинфицирующих средств на случай проведения противоэпидемических мероприятий на предприятиях АПК.

* * *

Ограничения не будут распространяться на случаи оказания медицинской помощи, деятельности правоохранительных органов, органов по делам гражданской обороны и чрезвычайным ситуациям и подведомственных им организаций, органов по надзору в сфере защиты прав потребителей и благополучия человека, иных органов в части действий, непосредственно направленных на защиту жизни, здоровья и иных прав и свобод граждан, в том числе противодействие преступности, охрану общественного порядка, собственности и обеспечение общественной безопасности.

Этим же указом религиозным организациям всех конфессий было запрещено проведение религиозных обрядов и мероприятий с массовым участием граждан.

Кроме того, глава республики распорядился до улучшения санитарно-эпидемиологической обстановки запретить жителям республики вход в парки, лесопарки и нахождение в них.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 14 (7415)
АрбагI
8 Апрель 2020 сон

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере



Здоровый образ жизни

## Превентивные меры незамедлительного характера для защиты граждан в организациях торговли

Организациям торговли незамедлительно принять следующие меры:

1. Обеспечить санитарные меры в соответствии с предписаниями и рекомендациями Роспотребнадзора, в том числе регулярно протирать дезинфицирующим раствором поверхности с наиболее интенсивным контактом рук потребителей - ручки тележек,



дверные ручки и т.д.;

2. Организовать работу по минимизации очередей и скоплений покупателей. Постоянно предупреждать покупателей о необходимости соблюдать дистанцию минимум 1 метр друг от друга:

3. Обеспечить постоянное наличие в торговом зале наиболее востребованных товаров. В случае повышения спроса на них обеспечить увеличение количества данных товаров в торговом зале и их выкладку на полки.

4. Обеспечить усиленные товарные запасы наиболее востребованных товаров, учитывая имеющийся у торговых организаций опыт, местную специфику и рекомендации федеральных властей. Усилить работу с поставщиками для планирования и обеспечения бесперебойных поставок товаров;

5. Интернет-магазинам и сервисам доставки товаров потребителям принять меры по минимизации близкого контакта с покупателем;

6. Торговым сетям и иным организациям торговли проработать вопрос о дистанционном получении заказов от потребителей с последующей выдачей укомплектованного заказа покупателю;

7. Усилить работу с персоналом в целях выполнения указанных мер, а также в целях недопущения к работе лиц, имеющих признаки респираторных заболеваний, повышенной температуры тела и вернувшихся в течение последних 2- х недель из стран с высоким уровнем заболеваний коронавирусом.

## Превентивные меры незамедлительного характера для защиты граждан в организациях общественного питания

Организациям общественного питания незамедлительно принять следующие меры:

1. Обеспечить расстановку столов, стульев и иного инвентаря таким образом, чтобы расстояние между посетителями было не менее 1 метра;

Барам, кафе, ресторанам, иным предприятиям общественного питания и досугового характера, предусматривающим тесное размещение посетителей, организовать работу таким образом, чтобы обеспечить расстояние между посетителями не менее 1 метра;



2. Обеспечить допуск посетителей в зал обслуживания только после мытья рук с мылом, а также с обработкой кожными дезинфицирующими средствами (в том числе антисептическими средствами на основе изопропилового и/или этилового спирта);

3. Уточнять у посетителей на предмет их заболеваний простудными и респираторными заболеваниями и не допускать таких лиц в зал обслуживания, как и лиц с очевидными признаками респираторных заболеваний;

4. Усилить работу с персоналом в целях выполнения указанных мер, а также в целях недопущения к работе лиц, имеющих признаки респираторных заболеваний, повышенную температуру тела, а также вернувшихся в течение последних 2-х недель из стран с высоким уровнем заболеваний коронавирусом;

5. Настоятельно рекомендовать посетителям старше 60 лет воздержаться от посещения заведения общественного питания;

6. Выполнять рекомендации и предписания Роспотребнадзора по дезинфекции помещений и инвентаря.

## Основные пункты изменений в указ главы Дагестана «О введении режима повышенной готовности» от 31 марта 2020г.




Жителям республики рекомендуется воздержаться от посещений религиозных объектов, мест массового скопления людей, связанных с проведением религиозных обрядов и мероприятий, а также ограничить поездки за пределы Республики Дагестан, в том числе в целях туризма и отдыха.

Кроме того, до улучшения санитарно-эпидемиологической обстановки граждан обязуют соблюдать дистанцию от других граждан не менее 1,5 метров, в том числе в общественных местах, за исключением случаев перевозки пассажиров и багажа общественным транспортом, легковым такси.

Что касается соблюдения карантинных мер, то теперь они станут обязательными и граждане не смогут покидать места проживания без специальных пропусков, выдаваемых в порядке, установленном Правительством Республики Дагестан, за исключением: - обращения за экстренной (неотложной) медицинской помощью и иной прямой угрозы жизни и здоровью - следования к месту (от места) осуществления деятельности (в том числе работы), которая не приостановлена в соответствии с Указом - осуществления деятельности, связанной с передвижением по территории Республики Дагестан, в случае если такое передвижение непосредственно связано с осуществлением деятельности, которая не приостановлена в соответствии с Указом (в том числе оказание транспортных услуг и услуг доставки) - следования к ближайшему месту приобретения товаров, работ, услуг, реализация которых не ограничена в соответствии с Указом - выгула домашних животных на расстоянии, не превышающем 100 метров от места

## ИЗВЕЩЕНИЕ

В соответствии с распоряжением Правительства Российской Федерации от 21 марта 2020 года №710-р в целях обеспечения охраны здоровья населения и снижения рисков возможного распространения новой коронавирусной инфекции на территории Республики Дагестан Территориальный фонд обязательного медицинского страхования Республики Дагестан извещает жителей республики о том, что мероприятия в рамках диспансеризации и профилактических осмотров взрослого и детского населения временно приостанавливаются до особого распоряжения.

**Буйнакский филиал ТФОМС РД.**

## Внимание, предприниматели!

Одним из приоритетных направлений поддержки малого и среднего предпринимательства в рамках национального проекта «Малое и среднее предпринимательство и поддержка индивидуальной предпринимательской инициативы» является социальное предпринимательство.

Федеральным законом от 26 июля 2019 г. №245-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «О развитии малого и среднего в Российской Федерации» в части закрепления понятий «социальное предпринимательство», «социальное предприятие» внесены изменения в Федеральный закон от 24 июля 2007 года №209 – ФЗ «О развитии малого и среднего предпринимательства в РФ».

В целях оказания государственной поддержки субъектам малого и среднего предпринимательства в сфере социального предпринимательства, Агентство по предпринимательству и инвестициям РД проводит работу по приему документов для признания субъектов МСП социальным предприятиями.

# Туберкулез

Туберкулез бахине рес буго саназухъ, жинсалъухъ, социалияб хIалалъухъ, вугеб бакIалъухъ балагьичIого бокьарав чиясде.

Туберкулез ккола микробактерияз лъугьинабулеб бахунеб унти. Гьелъ жагъаллъизарула гьуърул (87%), хутIараб 13 % туберкулез биххула лимфическиял узлабалъ, рукьбулъ ва суставазулъ, гIадал нахулъ, кIуршумухъалъулъ, квен биинабулел органалъулъ.

Кин бахунеб туберкулез?

Туберкулез бахиналъе гIиллалъун ккола гьелъ унтарав чи яги хIайван, щай абуни гьес сверухълъиялде кьола гIемерал бактериял.

Гьеб бахине бегьула:

-туберкулезалъ унтарав чиясул хъегIиялдасан, гьединго гьевгун гара-чIварулагоги.

-сахав чиясул чорхолъе ккола гаргадулаго яги хъегIулаго унтарасдасан бачIараб лъамалъиялдасан.

- унтарас хIалтIизарулел тIагIалабаздасан, гьесул гьуърузул лъамалъи тIад батизе бегьиялъ, масала, квана-гьекъолел тIагIалабаздасан.

-туберкулезалъ унтарай эбелалъул чорхолъ рукIунел бактериял плодалъулъе ккеялда бан;

-унтараз кьураб тIаса лъукъел бугел пихъаздасан, унтараб хIайваналъул рахьдадасан, гьанадасан.

Туберкулезалъул микробактериял цIияб гьаваялда ва сверухълъиялда цIакъго холарел руго, гьел рукIуна сунданиги тIад, чанго анкьалъ гьедин хвечIогоги хутIула.

Туберкулезалъул цIех-рехалъулаб иш кида гьабизе кколеб?

Унтул байбихьулаб заманалда чиясул букIунао кинаб букIанаги гIарз, хъегIи, цIа-кан. Хадуб гьеб чорхолъ цебетIолеб заманалда лъугьине байбихьула загIиплъи, гIертI бай, цIа-кан бахуна 38 яги цIикIкIун градусалде, каранзул къалиялда жаниб байбихьула унти, черх тIеренлъула,хъегIи байбихьула.

Туберкулез чIезабиялъе аслиял къагIидаби

1. Рентгеналъулгин- флюографиялъулаб цIе-рех гьаби каранзул.
2. Лабораториялда мокротаялъул цIех-рех гьаби.
3. Манту яги цогидаб проба лъей.

Цо туберкулезалъ унтарав, сверухълъиялде бактериялги риччалев чияс унти бахинабизе бегьула 20 щибниги унти гьечIев чиясде, цо кьойида жаниб.

Цо интересаб жо

Микробактерия организмалъулъе ккарабго гьелъ чи унтулин абураб жо кколаро гьеб. Амма организмалъул жибго цIунулеб къуват гIодобе ккани, иммунияб системаялъул ахIвал-хIал чучани, масала, (хIажатабщинаб гьорлъ бугеб квен щвечIони, ццинал-ургъелал ругони) организмалда жанире ккарал микробактериял гIемерлъизе байбихьула, унти цебетIун ва тIибитIун уна.

Данде чIей (профилактика)

1. ГIумро гьабиялъул сахаб къагIида
2. Заралиял гIамалал тей.
3. Дурго ва сверухълъиялъул рацIцIалъи цIуни.
4. БитIун кванай: белоказдалъун ва минералиял жалаздалъун бечедаб квен чIезаби.

Нужеца флюография гьабунищ?

ГьабичIеб батани, рачIа гьеб гьабизе Унсоколо районалъулаб больницаялде.

**А. М. ХIАЙБУЛАЕВА. Физиатр.**

# ГIиса аварагасул (гI.с.)рухIияб центр



ГьанжегIагар Северияб Кавказалъул бусурбабазул координациялъул централъул вакилзаби щвана МахIачхъалаялъул рагIалда балеб ГIиса аварагасул цIаралда бугеб рухIияб централде.

Нилъеда мадугьалихъ ругел республикабаздаса диниял церехъаби гьенире рачIиналъе гIилла букIана исана гьеб координациялъул централъ гьабураб хIалтIул хIасилал гьари.

Гьелдаса хадуб Дагъистаналъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаевасе шапакъатги кьун («Умматалда цебе гьабураб хIалтIул» тIоцебесеб даражаялъул орден), гьалбал щвана рухIияб центр балеб бакIалде.

ГьабсагIаталда туснахъ гьарун ругел вацал МухIамадги Зиявудинги МухIамадоваз базе кумек гьабулеб букIараб централъе гIарац бакIарулеб буго халкъалъ. Саламатабго хIалтIиги гьабун буго гьениб.

КIудияб мажгиталда цадахъго балеб буго РДялъул муфтияталъул минаги, мискинал гIадамал сах гьаризе хосписги. ХIисабалде росун руго гьениб гIагарда школа, ясли – ах, дармил центр базеги.

РухIияб централдаса бахъараб ралъдал рагIалде щвезегIан гьабулеб буго парк, букIине буго цIияб нухги. Гьелдаго цадахъ гьенир рукIине руго велосипедал хьвадулел ва гIадамал рекерулел нухал, фонтанал, паркал.

Киса – кирго чIолел руго Италиялдаса, Германиялдаса рачIинарурал берцинал магнолиялъул, оливкабазул гьутIби. Гьезул цо – цоялъул багьа ккола 1000 – 1500 евро. Хвоя бачIунеб буго Краснодаралдаса, Пятигорскаялдаса. Гьеб нухги паркги лъугIулеб бакIалда, ралъдал рагIалда, гьабизе буго бихьинал батIаго, руччаби батIаго чвердолеб пляж.

Бусурбаби гурелги, Каспийялда бугеб рагъулабгун ралъдал флотилиялъул вакилзабицин рачIун рукIун руго гьенир хIалтIизе.

ХIалтIизе рачIине рес гьечIез кьолеб буго гIарац – месед. Масала, гьанжего – гьанже данделъарал рос лъади рачIун ругоан гьенире. БахIарас машинаялъул кIулал кьун руго, бахIаралъин абуни, гIагарлъиялъ жиндие сайгъат гьарурал меседил тIагIалаби тун руго гьенир.

**З. ХIажиева**

## Хайбулаев Магомеднаби Узаирович



26 марта на 63 году жизни после непродолжительной болезни не стало Хайбулаева Магомеднаби Узаировича — руководителя МБУ ««Единой информационной службы» МО «Унцукульский район» .

За время работы Магомеднаби Узаирович продемонстрировал отличные навыки планирования, умение оперативно решать сложные вопросы и работы направленные на стратегическое развитие информационной деятельности Унцукульского района.

В коллективе поддерживал ровные, дружеские отношения, а что самое главное - всегда был понимающим, с высоким уровнем толерантности и лояльности руководителем. Был неоднократно награжден благодарственными письмами и почетными грамотами.

С нами не стало замечательного светлого, всегда позитивно настроенного человека, надежного друга, талантливого и уважаемого товарища. Добрая память о нём навсегда сохранится в памяти всех, кто его знал и вместе с ним работал.

Администрация МО «Унцукульский район», районное Собрание депутатов, Общественная палата, сотрудники «Единой информационной службы», руководители и работники госучреждений и организаций муниципалитета, выражают свои искренние и глубокие соболезнования родным и близким Хайбулаева Магомеднаби Узаировича, разделяя скорбь и обращая слова поддержки.

## Извещение о предоставлении земельного участка в аренду

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса Российской Федерации, Администрация МО «сельсовет Унцукульский» в лице зам. главы МО Гамзатова М.А. сообщает о возможности предоставления в аренду земельного участка для ведения крестьянского (фермерского) хозяйства.

Граждане, заинтересованные в представлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявления договора аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 06.04.2020 по 06.05.2020 года (включительно) в Администрацию МО «сельсовет Унцукульский» по адресу: РД,Унцукульский район, с.Унцукуль ,пл.им.М.Дахадаева 1. Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору - лично, или посредством почтовой связи на бумажном носителе, либо в форме электронных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет». Описание земельного участка: кадастровый номер 05:35:000000:155, площадь 32332 кв.м., категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с.Унцукуль. Арендная стоимость установленный ООО «Институт профессиональной оценки» - 283000 руб. в год. Справки по телефону; 89882907441

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 07.04.20 г. 16:25
фактически -18:20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.